



## BIWO CHERIF, KONTE SUFFOLK, N.Y.

AJANS APLIKASYON LALWA AKREDITE

### PWOJE BIWO SOVELAVI

100 CENTER DRIVE  
RIVERHEAD, N.Y. 11901  
(631) 852-3003



ERROL D. TOULON, JR., Ed.D.  
CHERIF

## PWOJE SOVELAVI ENSTRIKSYON DEMANN ENSKRIPSYON

Pwogram Pwojè Sovelavi Biwo Cheriff Konte Suffolk la se yon sèvis lokalizasyon entèkansyon an ijans nan tout konte a ki kapab jwenn moun ki dyagnostike ak pwoblèm kognitif ki ka lakòz yo pèdi wout yo.

Aplikasyon pou enskripsyon an fèt pou moun k ap bay swen gadyen yo ranpli nan non aplikan an ki pral enskri nan Pwogram Pwojè Sovelavi Biwo Cherif Konte Suffolk la. Lè w soumèt aplikasyon pou enskripsyon an nan Biwo Pwojè Sovelavi Cherif Konte Suffolk la, yo pral konsidere aplikan an pou patisipe nan pwogram nan.

### Kritè Patipasyon

- The Aplikasyon an dwe ranpli epi soumèt pa prensipal manm legal fanmi an, moun kap bay swen an (reprizantan an otorize) pou aplikan an ak dyagnostik defizyans mantal doktè konfime.
- Aplikan an dwe abite nan Konte Suffolk ak yon moun kap bay premye swen.

### Foto Kliyan

- Yo dwe voye yon bout foto resan dijital aplikan an pa imèl bay [lfesaver@suffolkcountyny.gov](mailto:lfesaver@suffolkcountyny.gov). Tanpri mete non aplikan an nan imèl la.

### Gid Bout foto a

- Tèt la ta dwe anfas kamera a dirèkteman
- Foto a ta dwe pran depi yon ti kras pi wo pase cheve aplikan an rive nan mitan pwatrin li
- Je yo ta dwe louvri epi gade kamera a
- Yo ta dwe mete linèt si aplikan an itilize nòmman.

### Tanpri voye aplikasyon enskripsyon ki ranpli a nan:

Sheriff Errol D. Toulon, Jr., Ed.D.  
Suffolk County Sheriff's Office  
Project Lifesaver Bureau  
360 Yaphank Ave., Suite 1A  
Yaphank, NY 11980

Lè yo resevwa aplikasyon enskripsyon ki ranpli a, pèsònèl nan Biwo Pwojè Sovelavi a pral revize aplikasyon an. Si yo apwouve aplikasyon an, y ap kontakte moun k ap bay swen an pou pran yon randevou ak pèsònèl Biwo Pwojè Sovelavi a. Pandan randevou a, moun kap bay swen an ap resevwa transmetè a ansanm ak enstriksyon ki gen rapò ak antretyen transmetè a.